

TAKSEH KARAOS NIKMAT SENAJAN ING MONGSO PAGEBLUK

اللَّهُ أَكْبَرُ (3×) اللَّهُ أَكْبَرُ (3×) اللَّهُ أَكْبَرُ (3×) اللَّهُ أَكْبَرُ كُلَّمَا هَلَ هَيْلًا وَأَبْدَرَ اللَّهُ أَكْبَرُ كُلَّمَا صَامَ صَائِمٌ وَأَفْطَرَ
 اللَّهُ أَكْبَرُ كُلَّمَا تَرَ اكَمَّ سَحَابٌ وَأَمْطَرَ وَكُلَّمَا نَبَتَ نَبَاتٌ وَأَزْهَرَ وَكُلَّمَا أَطْعَمَ قَانِعٌ الْمُعْتَزِرَ. اللَّهُ أَكْبَرُ اللَّهُ أَكْبَرُ اللَّهُ أَكْبَرُ
 الْحَمْدُ لِلَّهِ الَّذِي جَعَلَ لِلْمُسْلِمِينَ عِيدَ الْفِطْرِ بَعْدَ صِيَامِ رَمَضَانَ وَعِيدَ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَاللَّهُ أَكْبَرُ اللَّهُ أَكْبَرُ وَاللَّهُ أَكْبَرُ
 الْأَضْحَى بَعْدَ يَوْمِ عَرَفَةَ. اللَّهُ أَكْبَرُ (3×) أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ لَهُ الْمَلِكُ الْعَظِيمُ الْأَكْبَرُ
 وَأَشْهَدُ أَنَّ سَيِّدَنَا مُحَمَّدًا عَبْدَهُ وَرَسُولَهُ الشَّافِعُ فِي الْمَحْشَرِ نَبِيُّ قَدْ غَفَرَ اللَّهُ لَهُ مَا تَقَدَّمَ مِنْ ذَنْبِهِ وَمَا تَأَخَّرَ. اللَّهُمَّ
 صَلِّ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَأَصْحَابِهِ الَّذِينَ أَذْهَبَ عَنْهُمْ الرَّجْسَ وَطَهَّرَهُ. اللَّهُ أَكْبَرُ. أَمَّا بَعْدُ. فَيَا عِبَادَ اللَّهِ
 اتَّقُوا اللَّهَ حَقَّ تَقَاتِهِ وَلَا تَمُوتُنَّ إِلَّا وَأَنْتُمْ مُسْلِمُونَ

Kaum muslimin-muslimat jamaah sholat 'idul fitri ingkang dipun mulyakaken Allah SWT. Alhamdulillah wonten ing enjang ingkang kebak berkah menika kita saget kepanggih maleh ing Masjid menika, kanthi dipun kebaki rahos pasederekan ugi kekhusyukan, nderek-nderek sami angrawuhi sholat Idul Fitri ngagungkaken lan nyukuri nikmat Allah SWT. Sak sampunipun kito nindaaken ibadah siyam ing wulan ramadhan lan ibadah lintunipun wonten ing wulan engkang kebak berkah tahun meniko, Pramila, mangga, wonten ing wekdal ingkang bahagia menika kita sami-sami ningkataken anggen kita taqwa dateng Allah SWT kanthi nebihi sedaya awisan-awisanipun senahoso sak menika kita boten ing dalem wulan Romadlon maleh. Ugi kita tingkataken ketaatan nglampahi perintah perintahipun Allah kanthi rahosipun manah ingkang ikhlas. Pakulinan sae kados sholat jama'ah, nderes Qur'an lan sodaqoh kanthi niat syiar islam lan makmuraken masjid ingkang sampun kito lampahi ingdalem wulan Romadlon mangga kita lajengaken, kita dadosaken pakulinan ingkang sahe. Abuya Sayyid Ahmad Al-maliki alhasani sampun dawuh,

لا تكن عبد رمضان، كن عبد الله، فاستمر فيما بدأت فيه

Artosipun” ojo siro dadi kawulone wulan ramadhon, dadio siro kawulone Alloh SWT, mongko terusno (kesaenan) opo kang wus tok awiti ing wulan romadhon”

Mugi-mugi Allah tansah paring kekiatan lan keistiqamahan lahir batin dumateng kita sedoyo. Aamiin Allahumma aamiin.

أَكْبَرُ اللَّهُ (3×) وَاللَّهُ أَكْبَرُ

Hadirin jamaah sholat 'idul fitri rohimakumulloh

Dinten riyoyo Idul fitri dados setunggaling dinten ingkang kathah berkah ugi hikmah lan mafaat ingkang saget dipun petik kagem ningkataken kualitas pagesangan kulo lan panjenengan sedoyo. Salah setunggaling riwayat ingkang wonten hubunganipun kalian kautaman riyoyo idul fitri inggeh meniko riwayat saking panjenenganipun sahabat Ibnu Mas'ud ra, saking kanjeng rasul Muhammad Shallallahu 'Alaihi wa Sallam:

إِذَا صَامُوا شَهْرَ رَمَضَانَ وَخَرَجُوا إِلَىٰ عَيْدِكُمْ يَقُولُ اللَّهُ تَعَالَىٰ: يَا مَلَائِكَتِي كُلُّ عَامِلٍ يَطْلُبُ أَجْرَهُ أَنِّي قَدْ غَفَرْتُ لَهُمْ فَيَبَادِي مُنَادٌ: يَا أُمَّةَ مُحَمَّدٍ اِرْجِعُوا إِلَىٰ مَنَازِلِكُمْ قَدْ بَدَلْتُ سَيِّئَاتِكُمْ حَسَنَاتٍ فَيَقُولُ اللَّهُ تَعَالَىٰ: يَا عِبَادِي صُمُّتُمْ لِي وَأَفْطَرْتُمْ لِي فَاقُومُوا مَغْفُورًا لَكُمْ

Artosipun: “Nalikane umat nabi nglaksanakke poso romadhon nuli banjur metu kanggo sholat riyoyo, mongko Allah ta’ala paring dawuh, “Duh malaikatku, kabeh wong sing wos rampung kerjo nduweni hak nompo upah. Lan kawula-kawulaKu kang wus rampungan poso romadhon lan metu seko omah kanggo ngibadah sholat ied sak perlu nggolek ganjaran, mongko seksenono setuhune Ingsun temen wus paring pangapuro maring kawula-kawulaKu mau. Nuli ana suwara kang undang-undang: “Duh umate kanjeng nabi Muhammad, balio maring omah siro kabeh. Temen wus den ganti tumindak olo siro kabeh kelawan kabecikan. Gusti Allah ta’ala paring dawuh: Hei kawula Ingsun, siro poso lan buko keronon Ingsun. Mongko podo ngadeko siro kabeh kanthi nggowo maghfiroh soko Ingsun.”

Artosipun bileh sak sampunipun kito ibadah siyam wonten ing wulan ramadhan, sak lajengipun kanthi sholat riyoyo meniko Gusti Allah SWT sampun paring ganjaran lan maghfiroh engkang ageng sanget dumateng kito sedoyo sahinggo hak kito dumateng gusti Allah sampun kalebur wonten ing dinten meniko lan sampun dipun gantos kalia Allah SWT kanthi kesaenan engkang kathah.

Lajeng sak sampunipun hak kito dumateng gusti Allah sampun sampurno, kantun hak kito sesami anak adam engkang dereng samupurno, pramilo kanthi lelampahan silaturahmi pangapunten eng pangapunten ing dinten riyoyo meniko, nembe hak kito sesami anak adam saget kalebur.

أَكْبَرُ اللَّهُ (3×) وَ اللَّهُ الْحَمْدُ

Hadirin jamaah sholat ‘idul fitri rohimakumulloh

Sampun ketawis wonten ing wajah kulo panjenengan sami semanten ugi lare lare alit, kanthi duginipun riyoyo meniko sedoyo mesthi kraos bingah, bingah amargi saget nderek ngregengaken dinten riyoyo meniko, bingah amargi sak mangke saget panggihan sederek tanggi tepaleh, lan ugi bingah amargi saget panggihan sederek tebih engkang biasanipun namung kundur sepindah wonten ing tahun riyoyo meniko.

Ananging raos kolo wau khususipun wonten ing riyoyo meniko sajakipun kedah kito empet maleh kados dene riyoyo tahun kapengker, kito kedah sadar lan nampi kanthi lilo legowoning manah bileh tahun pagebluk korona dereng sirno saking bumi lan negari kito meniko, kito taksih kedah nderek I nopo engkang sampun dados printahipun pemimpin bongso meniko supados njogo kesehatan ipun piyambak, sederek, keluarga lan tanggi tepaleh kito kanthi tetep nglampahi pagesangan ngatos ngatos nerapaken protocol kesehatan. Pramilo saking meniko ing tahun meniko sajak sederek tebih mboten saget silaturahmi kundur kampong halaman, kito kedah ikhlas. Dereng saget silaturahmi mubeng dugi njawi deso, njawi kutho nggeh kito kedah ikhlas. Sebab Gusti Allah SWT bakal nambahi ganjaran dhateng kawulane, ngresiki duso-dusonipun kawulane kelawan nambahi ujian, cobaan, ugi musibah kados dene kawontenanipun Virus Corona meniko.

أَكْبَرُ اللَّهُ (3×) وَ اللَّهُ الْحَمْدُ

Hadirin jamaah sholat ‘idul fitri rohimakumulloh

Ingkang makaten meniko, nuntut dhateng kita sedaya supados ngathah-ngathahaken introspeksi utawi muhasabah. Bilih napa, ingkang dipun kersakaken Allah, taqdir, mboten saget dipun lawan utawi dipun atasi kalih karepipun menungso.

Kita sedaya ugi kedah sadhar, bilih musibah nopo mawong kados dene Virus Corona meniko, kalebet setengah saking musibah ingkang sampun dipun rencanakaken kaliyan Allah SWT. Allah SWT dhawuh:

مَا أَصَابَ مِنْ مُصِيبَةٍ فِي الْأَرْضِ وَلَا فِي أَنْفُسِكُمْ إِلَّا فِي كِتَابٍ مِّن قَبْلٍ أَن نَّبْرَأَهَا إِنَّ ذَلِكَ عَلَى اللَّهِ يَسِيرٌ

Artosipun: “Ora ana sawijine musibah ingkang tumiba ana ing bumi, lan ora ana musibah ingkang kedadean ana awak-ira, kejaba kabeh mau wis katulis ana ing kitab (lauhul mahfudz) sakdurunge Kita (Allah) nitahake. Saktemene kang kaya ngene iki perkara kang gampang mungguhe Allah.” (Q.S. al-Hadid: 22)

Pramilo saking meniko monggo poro jamaah sedoyo sampun sak pantesipun kito milai muhasabah dateng badan kito piyambak piyambak, kedah kito petani maleh nopo engkang sampun dados kesalahan kito, lajeng kito mboten sadar langkung langkung kesalahan meniko trus terusan kito ulangi sabendintenipun, sampun ngantos kawontenan pagebluk meniko malah dadosaken kito soyo tambah olo ing manah lan olo ing tindak tanduk kito, sampun dados prayoginipun bileh soyo sepoh yuswo kito saget soyo sahe ing manah lan tumindak kito, monggo sami ngatah ngatahi maos tasbih, istighfar lan maos sholawat, kanthi maos kalimat tasbih mugi mugi sageto ngebot ngeboti amalan sae kito sak mangke, kanthi maos istighfar namung nyadong pangapunten engkang kathah dateng gusti Alloh SWT, kanthi maos sholawat mugi wonten eng akherat mangke kito sedoyo sageto pikantuk syafaatipun kanjeng Nabi Muhammad SAW.

اَكْبَرُ اللهُ (3×) وَ اللهُ اَلْحَمْدُ

Hadirin jamaah sholat ‘idul fitri rohimakumulloh

Ing akhiripun supados kito saget dipun wastani tiyang engkang sampun sae manahipun, sepindah maleh monggo kito syukuri nopo ingkang sampun Gusti Alloh SWT cawisaken dumateng kito meniko, saget mujudaten ibadah ing wulan ramadhan kanthi sampurno meniko nikmat engkang ageng engkang kedah kito syukuri, kito saget maos qur’an ngantos khatam nopo maleh wongsal wangsul khatam meniko anugrah kenikmatan engkang boten saget kito etang ganjaranipun, kito saget nyambut damel ngoyo sinambi siyam ing wulan romadhon, lajeng kito rumaos bingah nalikanipun kito buko sesarengan keluarga, meniko hahikatipun suwargo ing ngalam dunyo engkang dipun gambaraken Gusti Alloh SWT, kito saget nyekapi nafkah keluarga, kito saget njagi manah saking gudhonipun syetan ing sak lebetipun wulan ramadhan meniko inggih kawastanan nikmat engkang agung, pramilo monggo kito syukuri sedoyo meniko, umpami sageto kito petang maleh nikmat ipun Gusti Alloh meniko kulo panjenengan sami tamtu badhe nyadari bileh raos syukur kito meniko takseh nedahaken wilangan engkang sekedik sanget kabandingaken nikmatipun gusti Alloh ingkang kembrojok kados dene toyo ngandap saking inggile gunung. Kanthi ngatah ngatahaken syukur menikolah kito badhe ngraosaken nikmatipun pagesangan ing ngalam dunyo meniko. Sahinggo umpaminipun kito dereng saget sowan sowan ing dinten riyoyo meniko kito kedah saget manungso ingkang pinter, monggo kito ginaaken saroni teknologi komunikasi engkang sampun wonten meniko, kito damel teknologi informasi meniko kagem ngatah ngatahaken silaturahmi ing mongso pagebluk meniko, sahinggo ing

